- Bonang kethuk* : dua buah alat musik khas Banyuwangi, bentuknya sereti bonang pada umunya.
- Byajek* : banyak sekali
- Byangkel* : benci

### C

- Catur* : salah satu unsur garap oertunjukan, yang menggunakan medium bahasa.
- Calung/jublag* : alat musik dengan lima bilah besi dan memiliki bumbung (tabung suara dari bambu atau paralon).
- Cakepan* : kalimat syair dalam tembang Jawa.
- Cangikan* : salah satu adegan hiburan pada pertunjukan wayang kulit yang diperagakan oleh tokoh wayang cangik dan limbuk.

- Cempala* : alat pemukul dalang, yang difungsikan untuk memberi aba-aba kepada pemain gamelan.  
*Cepengan* : tehnik memegang wayang kulit.  
*Cracaban* : pinggir depan

## D

- Debog* : pelepah pisang.  
*Dewek* : sendiri

## E

- Entas-entasan* : salah satu tehnik memasukan ke luar dari pakeliran.  
*Emong* : tidak mau (ogah)

## G

- Gagrak* : gaya/mahzab  
*Gambang* : alat musik gamelan yang terbuat dari kayu.  
*Gandrung* : salah satu kesenian rakyat berupa gerak tari dan nyanyian khas Banyuwangi.  
*Gapit* : alat yang digunakan untuk meyangga boneka wayang, biasanya terbuat dari tanduk kerbau, atau kayu.  
*Gawangan* : peralatan pentas wayang berupa bingkai yang digunakan untuk merentangkan *kelir* (scren), berbentuk persegi panjang.  
*Garap* : melakukan aktivitas untuk menghasilkan sesuatu.  
*Gedhigu* : seperti itu  
*Gemet* : habis  
*Ginem* : percakapan wayang antara tokoh satu dengan tokoh yang lain atau lebih.  
*Gara-gara* : salah satu adegan hiburan pada pertunjukan wayang kulit yang diperankan oleh tokoh *punakawan*.  
*Gongsa wayangan* : seperangkat gamelan yang fungsinya untuk mengiringi/mendukung pertunjukan wayang.

**H**

- Hadrah kuntulan* : salah satu kesenian rakyat Banyuwangi yang bernafaskan Islam, di dalamnya menggunakan alat musik pukul seperti marawis.
- Halogen* : salah satu jenis lampu yang digunakan sebagai penerangan pementasan wayang.
- Hang* : yang

**I**

- Isun* : saya/aku

**J**

- Janger* : seni teater tradisi asli Banyuwangi berasal dari perpaduan seni teater Jawa dengan Bali.
- Janturan* : salah satu *garap catur* berupa wacana penggambaran suasana dengan diiringi *sirepan gending*.
- Jejer* : adegan dalam pertunjukan wayang.

**K**

- Kayon* : wayang berbentuk kerucut, merupakan bentuk representasi dari gunung.
- Kelendi* : bagaimana
- Kelir* : kain putih berbentuk persegi panjang yang digunakan untuk pertunjukan wayang.
- Kendhang daerah* : gendang khas Banyuwangi.
- Kempul* : alat musik seperti gong namun ukurannya lebih kecil.
- Keprak* : lempengan besi/ perunggu berbentuk persegi yang digunakan untuk pementasan wayang.
- Kluncing* : treangel, salah satu instrumen musik khas Banyuwangi berbentuk segitiga, terbuat dari besi.

**L**

- Lan* : dan  
*Laeg-laeg gandrungan* : vokal atau tembang gaya Banyuwangi.  
*Laros* : singkatan dari *Lare Osing*, orang asli Banyuwangi.

**M**

- Maning* : lagi  
*Myakne* : supaya

**N**

- Nyantrik* : kegiatan berguru kepada salah satu dalang senior.  
*Ndepani* : berjuang di barisan depan  
*Nglabuhi* : membela bersungguh-sungguh  
*Noleh* : menoleh  
*Nong* : ke

**O**

- Orgen* : istilah bagi alat musik moderen seperti piano elektrik.  
*Osing* : salah satu suku asli Banyuwangi.

**P**

- Pakeliran* : pertunjukan wayang  
*Pantus* : instrumen pimpinan dalam seni *angklung caruk/angklung daerah* di Banyuwangi, bentuknya seperti demung.  
*Paran* : apa  
*Patrol* : kesenian musik yang bahan bakunya dari bambu.  
*Pilar/tobong* : lukisan tema pada pertunjukan ketoprak, wayang wong, dan janger.  
*Pocapan* : salah satu jenis catur berupa wacana penggambaran adegan.

**R**

- Rancangan/pangkon* : tempat bilah gamelan, biasanya terbuat dari kayu dan di ukir sedemikian hingga.  
*Ring* : di  
*Rika* : kamu

**S**

- Sabet* : salah satu unsur garap pada pertunjukan wayang mengenai gerak gerak boneka wayang.  
*Sakjege* : setelah  
*Sing* : tidak  
*Sirep* : sajian gending dengan mengurangi volume tabuhan.  
*Sukeri* : terkutuk  
*Sulukan* : lagu vokal khusus yang disuaran oleh dalang guna membangun suasana pada adegan dalam pertunjukan wayang.

**T**

- Tancepan* : salah satu aktifitas yang masih terkait dengan sabet wayang, berkenaan dengan cara menancapkan boneka wayang.  
*Temenan* : bersungguh-sungguh

**W**

- Wanda* : rupa karakter tokoh wayang.

## LAMPIRAN I

### TRANSKRIPSI LAKON *PERANG PUPUTAN BAYU SAJIAN* KI ILHAM LAILI MURSIDI

#### Pembukaan

**Keterangan** : Sesi pembuka berisi doa pembuka dan narasi pembuka lakon *Perang Puputan Bayu*. Gunungan masih tetancap pada *gedebog*.

**Iringan** : Gending *Rantak Si'iran* laras *slendro Banyuwangen*.

#### Doa sebelum buka kayon

*Ambi nyebut Allah aran pengeran, hang maha welas uga maha asih, bismillahirroqmanirroqim. Sak akehe puji mung kanggo Allah. Hang dadi panguwasane sakabehe isine dunya, hang maha welas, asih, seneng, lan demen, hang dadi panguwasane dina balesan, mung teng ndika Allah kita nyembah, uga mung teng ndika Allah kita njaluk tulung. Dudohaken kita nong dalan hang bener, nong dalane wong-wong han ndika tubeleki sak byajek lan sak ambrek-ambreke nikmat. Aja di jlomprongaken kita ana dalane wong hang ndika sukuri lan duduk nong dalane wong hang kepaling saka welas ndika, amin yarrobal alamin.*

#### PEMBUKA

*Kanggo mengeti dina lahire Banyuwangi, yoiku tanggal 18 Desember 1771, hang wis dadi bukti kadhung wong Banyuwangi gedhe nyali, sebab ring dina iku kabeh sakonone wong Blambangan milu berjuang lan ngutuk penjajah. Myakne sejarah perjuangan nenek moyang wong Banyuwangi iki tetep tumancep ring ati, mula isun sak koncoan terus muputi madahi lan sun suguhaken lewat seni iki. Wayang Osing hang bengi iki gawa cerita Perang Puputan Bayu.*

Ngawiti bengi iki isun ngejak rika kabeh dulur, noleh memburi mbukak sejarah maning, myakne bisa dadi tali rasa batin lan pengiling-iling, hingga bisa ngurupaken isun lan rika seneng dadi lare osing, uga bisa mbarakaken semangat isun lan rika kebeh milu bareng-bereng ndandani lan mbangung Banyuwangi hang lebih apik maning. Sejarah Puputan Bayu iki wong Landa ngarani orlog Bayu ofcoop. Orlog artine perang, Bayu ana ring alas Bayu, lan afcoop artine puput artine entek jare wong Songgon, kadhung jere wong Rogojampi gemet, kadhung jare wong mbyalak paran? ludes, kadhung jare wong Singojuruh mahmut. Kejuluk perang Puputan Bayu, yaiku artine perang entek-entekan, perang gemet-gemetan, sebab ring perang iku ketulis sejarah sangang puluh ewu uwong mati, teka pihak Landa lan Blambangan. Sejarah iki ditulis sejarahwan Landa yaiku Lekkerkerker, arane angel, hang judul bukune Blambangan.

Ring kono ketulis Perang Puputan Bayu dadi perang hang paling nggegirisi, medeni, negangaken. Wong Landa ngarani beangstigend, hang bahasa Indonesiane kejam dan menakutkan. Sebab ring perang iku wong Blambangan ngamuk keliwat seru kadhung wong Landa ketemu ditugel endase, ditancepaken ring pucuke tombak, uga wong landa milu pisan sak jege iku, kadhung wong Blambangan kecekel ditugel endase. Hingga sakdawane dalam alas Bayu sak pirang-pirang endas di gantung-gantungaken ring witwitan, lan ditancepaken ring tombak-tombak. psukan teka Batavia, Semarang, Yogyakarta, Surakarta, Surabaya, Medura kabeh diunjali kanggo ngadepi barisan Blambangan nong Alas Bayu, suwidak ewu rakyat Blambangan lanang, wadon, tuwek, enom, lancsing, perawan, randa lan duda, kabeh pokoke milu berjuang nong Perang Puputan Bayu iki. Padahal jumlah penduduk Blambangan kala iku mung suwidak lima ewu, hang milu perang suwidak ewu. Dadi kari limang ewu wong kang sing milu perang yaiku lare cilik-cilik lan wong hang wis tuwek-tuwek seru. Hing sithik Landa ngetokaken banda kanggo perang iki, ngentekaken peces sak rego wolong ton emas. Wolong ton emas dulur wong Landa arep kepingin ngalahaken Blambangan, tapi sing gampang ngalahaken Laskar Jagapati, sebab wong Blambangan nyaline gedhi emong kalah, lan kudu menang. Lebih genahe lungguha hang enak dulur gatekna hang temenan liwat pagelaran wayang Osing iki, hang sing ana liyane kejaba nong Songgon. Myakne sejarah lahire Banyuwangi iki Perang Puputan Bayu bisa dadi kacane, bisa dadi contone dadi tuladhane kabeh, hingga myakne lebih murup semangate isun lan rika, sing bupatine thok hang semangat, tapi kepala dinas, camat, lurah, lan khususse kabeh rakyat Banyuwangi milu bareng-bareng ndandani Banyuwangi.

**Keterangan** : Bedhol kayon, kayon digerakkan ke kanan dan ke kiri kemudian tancep pada gawangan sebelah kanan, dan kiri. Kemudian menampilkan wayang berbentuk pohon tancep pada tengah kelir, untuk menggambarkan

adegan *jejer* yang akan di tanpikan berlatar tempat di Hutan Bayu.

**Iringan** : Gending *Amit-amit*, laras *Slendro Banyuwangen*.

### **JEJER ALAS BAYU**

**Keterangan** : Wayang pohon dibedol dan ditancapkan pada *gawangan* kanan. Kyai bejong *tancep* disebelah kiri atas, Raden Rempeg jagapati *tancep* di sebelah kiri bawah, Bekel Uthun, Sayu Wiwit *tancep* di sebelah kanan atas, kemudian di belakang ada Raden Jagalara *tancep* di bawah.

**Iringan** : Gending *Playon*, laras *Slendro Banyuwangen*.

### **Janturan Alas Bayu**

*Sinigeg cerita ana ring tengahe alas gedhe, wera, dawa sing ana jalma menungsa hang wani mara. Dipercaya derese angin ring alas iku bisa ngresep nong kulit hang jeru, sapa byaen keterak angin iku dadi njeluh hingga alas iku kejuluk alas angin hang artine alas bayu. Alas Bayu dadi bukti nyata pejuang Blambangan mbela negara, tohtohane raga uga nyawa. Sing kedep tapake laskar Blambangan mbela negara,nyangga pangestune negara bisa merdika, sing kira mundur kadhung hing tetese getih pungkasan durung mbanjiri nusantara. Gedhene songgoan utawa abote mikul tugas hang mulya iku hingga wilayah iku diceluki Songgon, penake lambene wong Banyuwangi dadi aran songgon hang artine mikul utawa nyuwun harkat martabate bangsa lan negara. Ring tengahe jaman iku salah sijine buyute Prabu Tawang Alun, anake Mas Bagus Dalem Wiraguna yaiku Raden Rempeg hang kejuluk Pangeran Pesida wilis, hang lebih dikenal maning ya iku Pangeran Jagapati, duwe karep gedhi yaiku ngusir penjajah teka bumi Blambangan. Urube semangate Pengeran Jagapati nyentor nong pejuang-pejuang liyane, hingga sak byajek rakyat Blambangan nyungsung*

nong Alas Bayu, ngelompok melu barisane Pangeran Jagapati, gawe benteng kekuatan Blambangan. Salah sijine Pangeran Jagapati nglumpukaken tuwek-tuweke, tokoh-tokohe pejuang Blambangan antarane Raden Jagalara, Mas Ayu utawa Sayuwit, Raden Bekel Uthon, Raden Ugoh, Raden Rentek lan sesepuh yaiku Kyai Bejong. Nglompok dadi siji ngrembug nata strategi Blambangan, kanggo nglabuhi kanggo ndepani lan kanggo mbelani ibu pertiwi Blambangan.

### Sulukan Kembang Mawar

6 6 6 26535 2 2 23 6.56  
 Se brung a rum u rub i ra

5 6532 2.6 5653 5, 2 3 653 5 i 2165 6  
 Sun jun jung du lur pun jer i ra Blam ba ngan

6 2 6 53, 3 5 6 3  
 Mu byal mu byal dha dha ni ra

3 3 3 5 3 3 5 6 i i 126 2 2 212  
 Ga dhang pu pus sing gar sing gur ta tag e a ti ni ra

**Raden Rempeg** : Assalammualikum waroqmatullah hiwabarrokatu, hang isun toati sesepuh lan para pengarep pejuang Blambangan, khusus mbah kyai Bejong, Raden Jaga lara, Sayu wiwit, Raden mundung, Raden Runtuk, sapa maneng, Raden Bekel Uthon, lan kabeh dulur-dulur hang wis teko ring Alas Bayu kene hang sun unjuk demen, ngawiti ayo puji syukur di sanjungaken nong ngarsane gusti Allah SWT, hang wis nguweni kesempatan nang isun lan rika kabeh yaiku diwenei kesempatan mbela negara, bangsa Blambangan iki. Dina iki isun singaja ngumpulaken rika kabeh ring Alas Bayu kene, sebab wis pirang-pirang dina iki sing raina bengi isun kepikiran, gelibegan sing bisa turu, dudu kerana akeh rengite, dudu, tapi kepikiran sak porak ngebegi ring pikir, mangan sing kerasa sega, ngombe sing kerasa banyu, sebab wong Landa tingkahe sing karuan dulur. Dulur-dulur Blambangan wis sak byajeg hang mati sebab di paksa di kongkon megawe,

gawe bangunan Landa. Hasil bumine wong Blambangan dijuluk paksa dirampas wong Landa. Ingon-ingonan raja kaya, sapi, kebo, wedus, kabeh di rampok wong Landa. Hang lebih bejat maning dulur, wong wadon-wadon sing weruh duwe rabi, perawan, randa paran maning, dicolong digawa nong markas Landa, dienggo nglampiasaken nafsu birahine wong Landa, mula celeng wong Landa iku. Sebab ikulah isun bengi iki ngejak rika kabeh mbundelaken karep, nalekaken tekad kanggo ngusir Landa teka bumi Blambangan. Kelendi menurut rika Raden Jagalara?

**Raden Jagalara** : Isun sepakat kakang Rempeg, isun sepakat. Isun mula suwi mendem rasa senep nong tingkahe Landa iku. Kelendi carane wong Landa iku myakne bruwat saka bumi Blambangan, ya sing ana maning carane mung siji kakang, yaiku diadepi, didepani, dilabuhi lan diperangi.

**Raden Rempeg** : Cocok, berati rika sak pikiran ambi isun. Tambah gedhi rasane ndas iki, tambah umup rasane ati iki ndeleng dukungane rika. Seteruse isun njaluk pejuang hang wadon dewek ring kene Mas Ayu utawa Sayuwitwit kelendi mungguh rika Sayuwitwit?

**Sayu Witwit** : Kula pada ambi kakang Jagalara, kadhung durung entek getih isun hang pungkasan, sing arep mundur teka palagan perang. Sun taruhi nyawa pangeran, kanggo bela Blambangan, madep sun tunjeb, nyingkur sun lamur mlayuo nong jabalkat undyang sumbyat.

**Raden Rempeg** : Kau rungokno dulur, Sayuwitwit iki wong wadon gedhigu gedhi nyaline. Sing isin ndyahne, malah akeh wong lanang-lanang hang trima diopahi beras, diopahi panganan terus milu Landa. Raden Bekel Uthun kelendi sira?

**Bekel Uthun** : Kula empun ngejak telungatus uwong ring Alas Bayu kakang, telungatus uwong dulur-dulur isun jak nong alas kene, yaiku rika ndyane isun arep diarani sing wani ambi wong Landa iku. Isun wis dlemeten kakang, wong Landa wis ngidek-ngidek temenan harkat lan martabate Blambangan,

*kaya wis sing ana hang bisa ngalahaken Landa, najis Landa kau, isun wis seru byangkele kakang.*

**Raden Rempeg** : *Ya wis, kadhung gedhigu sun kira kabeh wis pada karepe ambi isun, mula ayo mulai kesok dulur-dulur hang ana ring endi byaen, tonggo-tonggone, dulur-dulure kabeh dijak kumpul nong Bayu kene. Ring alas Bayu madang sing madang kumpul, hang penting Blambangan bisa kuat hingga Blambangan bisa ngusir Landa teko bumi Blambangan kene.*

**Keterangan** : Raden Jagalara, Sayuwit, Raden Bekel Uthun dan raden Ugoh *dibedol* bersalaman lalu *dientas* ke gawangan kanan, kemudian Raden Rempeg maju *tancep* di depan tokoh Kyai Bejong.

#### ADEGAN WEJANGAN

**Keterangan** : Kyai Bejong *tancep* disebelah kiri atas, Raden Rempeg Jagapati *tancep* disebelah kanan bawah.

**Iringan** : Gending *giro Laras Slendro Banyuwangen*.

**Raden Rempeg** : *Sak lajenge kula nedhi Kyai Bejong supaya nyukani wejangan teng rencang-rencang kula sedaya, dulur-dulur pejuang-pejuang Blambangan, myakne tambah gedhi atine kyai. Kula nyuwun Kyai nyukani wejangan, kula sumanggakaken Kyai.*

**Kyai Bejong** : *Assalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh Anak-anak isun putu-putu kabeh hang wis teko ring Blambangan kene. Alas Bayu ayo didadekaken wong Blambangan bisa kumpul ring kene lan dadia panggonan iki panggonan hang bisa ndadekaken Blambangan ring dina mburi diregani bangsa-bangsa liyane. Dulur-dulur isun pejuang-pejuang kabeh hang wis teko ring kene sira aja cilik ati lek, nduk kabeh, bener paran hang disampekaken Raden Rempeg mau*

*kadhung wong Landa iki ring Blambangan sing malah mbangun, ngomonge mbangun akeh, tapi nyatane gawe kemungkaran ngawe kebatilan ring bumi Blambangan. Mula sapa maning kadhung sing sira kabeh iki hang arepe ngerubah Blambangan bisa tambah makmur, sing ana maning lek, sing ana maning. Mula isun warah kadhung sira gelem ngerubah mangka pengeran ngersani berubah Blambangan, sesuai ambi firmane pengeran ring Al Qur'an: A`udzu billahi minassyaitanirrajim bismillahirroqmanirroqim innallaha layugayyiru ma biqaumin hatta yugayyiru ma bi anfusihim iku wis pancen Qur'ane. Mula isun ngelengake sira lek, aja cilik ati, sira berjuang ngusir ngusir kemungkaran, sira iku berjuang ngusi kebatilan nong bumi Blambangan. Mula paran hang dadi keyakinan isun lan rika sapa baen hang gelem ngusir kemungkaran kadhung sampek mati ring kono, mati sahid, mati mlebu nong swargane Allah SWT. Mula aja cilik ati sira, sateruse isun nguweni pesen maning mung siji, sira kudu seneng diwei kesempatan bisa milu berjuang negakaken kebenaran ring Blambangan kene, sira kudu seneng, sebab angel, angel jaman-jaman gedhigi iki duwekaken nang pengeran lan kabeh kaum, angel. Mula iki kesempatan isun lan rika kabeh milu berjuang, insyaallah kadhung niate bener diterima amal baktinira kabeh lan melebu nong Suwargane Allah SWT. Sakmono baen wejangan isun assalmmualikum waroqmatullahi wabarokatu.*

**Keterangan** : Raden Rempeg dan Kyai Bejong *dibedol* kemudian *dientas* ke gawangan kanan. Dalang mengambil *kayon* yan digerakkan ke kanan dan kekiri sebagai sekat pergantian adegan.

**Iringan** : gending *Ginunjing*, Laras *Slendro Banyuwangen*.

### Pocapan Adegan VOC Belanda

*Beda panggonan sakjege VOC Landa bisa nguwasai Banyualit, Ulupangpang Lateng ring tahun 1767, mulai saya ndadi wong Landa ngidek-ngidek harkat martabate wong Blambangan, dipimpin komandan pasukan Landa hang dikenal wateke keras yaiku komandan Colmond hang saben dina raina bengi sing ana pedote keliling nong rakyat cilik, patroli lan ngrampas asil kringete wong Blambangan. Ingon-ingonan sapi, wedus, kebo lan petek, paran maning? Banyak, menthok kabeh, lan hasil bumine wong Blambangan beras, woh-wohan, pala bongkel, rempah-rempah kabeh dirampok wong Landa. Pemimpin patroli yaiku Kapten Hounold lan Kapten Herbrouner, ambi nunggang sepedah uduk lan gawa praoto kanggo gawa ulihe rampasan. Rakyat hang sing gelem nguwehi upeti diobong umahe, heng sitik wong Blambangan hang diangkut digawa nong markas Landa dipaksa dikongkon megawe gawe benteng-benteng VOC, gawe dalan, gawe sasak lan liya-liyane. Wis gedhigi megawe peksa sing oleh leren, kadhung mandek di idek, kadhung laut di pecut, kadhung ngepos di jotos, sing dipakani, sing diombeni, sing dirumati, sampek angger dina siji, siji pada mati. Hang lebih bejat maning wong Blambangan hang wadon-wadon sing katikan noleh iku perawan, randa utawa wis nduwe rabi pokok katon bathuke bening sitik di colong, digawa paksa nong markas Landa di enggo nglampiasaken nafsu birahine wong Landa.*

*Tugele cerita ana ring markas Landa yaiku ing Ulupangpang Banyualit, hang saiki masuk Kecamatan Rogojampi, ring pinggir pesisir yaiku ring kono pimpinan VOC Landa Komandan Colmond ngumpulaken penggede-penggede Landa lan adipati hang diangkat Landa, sebab kerungu kadhung ring Alas Bayu wong Blambangan gawe benteng kekuatan perang.*

### ADEGAN VOC BELANDA

**Keterangan** : Tokoh Komandan Colmond tampil dari *gawangan* kiri berjalan ke aras *gawangan* kanan, lalu kembali ke *gawangan* kiri dan *tancep*. Kemudian disusul dengan tampilnya para pasukan Belanda dari *gawangan* kanan, dan menghormat. Lalu *tancep*.

**Iringan** : Gending *Kebyar Bistak, Laras Slendro Banyuwangen*.

**Komandan colmond** : *Bevelleber, admiran, capten, fron and adipati. Ike horen afluitern in het woud Bayu zijn rikkge Blambangan zullen durven naar nedelland in gevarlijk.*

**Adipati Jaksanegara** : *Paran artine iku? Intruksi komandan, isun adipati Blambangan hang rika tugasi dadi adipati ring Blambangan. Intruksi tulung di artekaken Kapten Hounold paran maksude Komandan Colmond kau?*

**Kapten Hounold** : *Maksutnya begini, komandan Colt Mont secara meneng-meneng, paran bahase meneng-meneng iku? Secara diam-diam mencium kalau di alas bayu itu ada kelompok-kelompok orang Blambangan yang menyusun kekuatan. Ini bahaya, ini bahaya maksudnya seperti itu adipati.*

**Adipati Jaksanegara** : *Kadhung gedhigu maksude Komandan iku ambi isun. Isun mula krungu kadhung wong Blambangan iki wis ngelumpuk nyusun kekuatan ring Alas Bayu kana hang aran pimpinane Rempeg utawa Jagapati, mula mumpung durung, Rempeg iki wong sakti komandan, Rempeg iki turunane Tawangalun. Kadhung rika meneng Jagapati arep ngalahna Landa, bisa ilang rika teko Blambangan kene. Mula mumpung durung, sakdurunge durung anane pira ring Alas Bayu kana, Blambangan kudu diserang.*

**Komandan Colmond** : *Ok..ok, kalau begitu besok saya lihat Bayu diserang, jangan banyak-banyak tujuh puluh orang saja dulu, serang Bayu dan lihat kekuatan di Bayu, apa Bayu ini betul betul kuat atau hanya sekedar kumpul-kumpul saja. Ike mau riks Blambangan in Bayu bij slecthen.*

**Adipati Jaksanegara** : *Paran maning iku komandan?*

**Kapten Hounold** : *Komandan ngomong laskar Bayu kudu cepet diserang, harus segera diperangi, biar tidak semakin kuat benteng Bayu.*

**Adipati Jaksanegara:** *Ya wis kadhung gedhigu isun milu ring barisan pitung puluh pasukan, isun siap ngawal, coba isun arepe ngomong nyang wong Blambangan. Ya wis kesok*

*tanggal 13 Agustus 1771 berangkat perang, ayo diperangi wong Blambangan ring Alas Bayu yo!*

**Keterangan** : Semua wayang *dibedol* dan *dientas* ke *gawangan* kanan.

**Iringan** : Gending Selamat datang, *Laras Slendro Banyuwangen*.

### ADEGAN PASEBAN ALAS BAYU

**Keterangan** : Dalang melakukan *pocapan* singkat sambil mengelurakan tokoh wayang. tampil tokoh Kyai Bejong dari *gawangan* kanan lalu *tancep* pada *jagatan* kakan, kemudian disusul oleh Raden Rempeg tampil dari *gawangan* kanan lalu *tancep* di depan tokoh Kyai Bejong. Dari sisi *gawangan* kanan tampil tokoh Sayu Wiwit, dan Raden Jagalara *tancep* pada *jagatan* sebelah kanan.

**Iringan** : Gending Selamat Datang *sirep, laras slendro Banyuwangen*.

### **Pocapan**

*Ring telatah Alas Bayu, Pangeran Jagapati lan para pejuang terus gawe kekuatan benteng Blambangan.*

**Raden Jagalara** : *Pangeran isung keprungu tanggal 13 kesok, 13 agustus kesok iki wong Landa arepe nyerang wong alas Bayu. Mula awake dewek kudu cepet siap-siap pangeran, sebab wong Landa iki nggawa senjata lengkap arepe nyerang Bayu kene.*

**Raden Rempeg** : *Ya gedhigu raden, kadhung gedhigu ya wis sun tugasaken nyang rika, kelendi carane wong-wong disiapaken nyegal lakune Landa aja sampek mlebu nong benteng Blambangan, mula saiki ayo Raden Jagalara lan Sayuwiwit sun tugasaken kanggo nyiapaken laskar Blambangan ngadepi Landa.*

**Keterangan** : Semua tohoh dimuali dari Sayu Wiwit, Kyai Bejong, Raden Rempeg dan Raden Jagalara *dibedol* lalu *dientas* ke *gawangan* kanan, kemudian

**Iringan** : Gending Selamat datang menebal, *laras slendro Banyuwangen*

#### ADEGAN PERSIAPAN LASKAR BLAMBANGAN

**Keterangan** : Tampil tokoh Sayu Wiwit dan para pejuang lainnya dari *gawangan* kiri lalu *tancep* pada jagatan sebelah kiri, kemudian tampil Raden Jagalara dari sisi *gawangan* kanan lalu *tancep* pada *gawangan* kanan, disusul hadirnya Raden Rempeg dari *gawangan* kiri dan *tancep* pada *jagatan* tengah.

**Iringan** : Gending Selamat datang sirep, *laras slendro Banyuwangen*

**Raden Jagalara** : *Pangeran wong Blambangan wis siap nerima sakpira wong Landa arepe teka ring Alas Bayu, sak pira wis tekane, sun siapaken wong Blambangan lan tanggal 13 iki sun enteni nong cracaban lawang Alas Bayu.*

**Keterangan** : Iringan gending Selamat datang menebal.tampil para tokoh pasukan Belanda dari sisi *gawangan* kanan, lalu *tancep* pada *jagatan* sebelah kanan. Iringan *suwuk* kemudian dalang melakukan *suluk*.

### Sulukan adegan pertemuan laskar Blambangan dengan Belanda

2 2 2 2 23 21.6  
Leng leng ra mya ning kang

2 3 5 5 65 5, 2̇3̇2̇1̇,5652  
Sa sang ka ku me nyar Ong

6 6 6 6 i 53 12  
Mang reng ga rum ing pu ri

2 2 2 3 1 2  
Mang kin tan pa si ring

5 56 3 3 35 12  
Ha lep ni kang u mah

2.35 2.3535 2 2 2 21 6  
Mas lir mu rub ing la ngit

6̇2̇6̇5̇3̇5̇ i i 2̇1̇6̇ 56, 5̇ 6̇5̇3̇ 2̇ 2̇ 1̇2̇  
Wis wis wa yah e wa yah e ta ngi

6 6 5 6 56 i i i 1̇2̇6̇ 56  
Si thik o mo ngan a keh a tan dang

5̇ 5̇ 5̇ 5̇6̇5̇3̇ 2̇, 6 6 6 1̇6̇ 56  
Sre nge nge we tan wis ka ton pa dhang

i i i 2̇ 6̇1̇ 2̇ 2̇ 2̇ 3̇ 1̇2̇  
Gan cang ta ngi a gan cang ta ngi a

6    65   3    12   3    5    6    6    2    12  
 La   buh   a    na   ke   ka   rep   a   ni   ra

**Raden Rempeg** : Sun sawang-sawang iki kaya Adipati Jaksanegara. Apuwo wong Blambangan iki arepe berjuang mbela Blambangan ngusir Landa kok sira malah milu barisan Landa.

**Adipati Jaksanegara** : Isun iki jane kepingin raden, kadhung wong Blambangan iki myakne bangunane iki tambah akeh, sebab wong Landa iki teko ana ring Blambangan iki wis gawe bangunan-bangunan akeh delengen dalane ya wis apik bangunane wis akeh apuwa wong Blambangan arepe merangi Landa kau? Bangunan Landa iki mbangun akeh.

**Bekel Uthun** : Mbangun-mbangun pathak hira atos iku! Adipati celeng iku adipati. Sira iki adipati Blambangan kudune sira iki mbela Blambangan apuwa sira melok Landa? Wong Landa wis weruh, mata hira iku paling sing weruh rakyat Blambangan diseksa, diseksa rakyat Blambangan iki! Kabeh asil bumine dirampas, banda dunyane akeh hang dicolongi wong Landa, di idek-idek wong Blambangan, sira tetep mbela Landa.

**Adipati Jaksanegara** : Kadhung gedhigu sira arepe ngelawan Landa?

**Bekel Uthun** : Sapa hang wedi, sapa hang wedi? Ayo tokna kabeh Landa, tokna sing arepe mundur sitik blokon isun.

**Pasukan Belanda** : Adipati, saya ingin segera orang Blambangan ini dihabiskan. Kalau orang seperti ini semakin banyak di Blambangan, Belondo, eee.... apa? Belanda sampek kleru belondo, Belanda bisa hancur adipati! Ayo segera diperangi orang-orang seperti ini ayo!

### ADEGAN PERANG PERTAMA

**Keterangan** : Terjadi pertempuran dari kedua belah pihak, yang dimenangkan oleh pihak laskar Blambangan, para pasukan Belanda berhasil melarikan diri.

**Iringan** : Gending *Playon gatutkaca wetan, laras slendro Banyuwangen.*

### ADEGAN LAPORAN BELANDA

**Keterangan** : Adipati Jaksanegara dan para pasukan Belanda tampil dari *gawangan* kiri *tancep* menghadap Komandan Colmond yang *tancep* di *jagatan* kanan.

**Iringan** : Gending *Playon gatutkaca wetan, laras slendro Banyuwangen.*

**Adipati Jaksanegara** : *Komandan, wong Blambangan nong Bayu temune sak byajek komandan, ewonan ring Alas Bayu, sing katon uwong sing katon alas, tapi ring kono uwong sak byajek. Mula 70 uwong pasukan kang teko Medura, teko Surabaya mau sing bisa ngalahaken laskar Blambangan, tapi malah akeh hang mbelot melok ring pasukane Jagapati. Iki bahaya iki komandan. Mula sak marine perang iki isun njaluk komandan milu dewek lan mudun dewek, hingga kabeh laskar Blambangan bisa dikalahaken, lan saiki isun njaluk rika komandan nyiapaken pasukan kabeh wong Landa milu perang nong Alas Bayu, sebab tambah dina tambah akeh, tambah dina tambah akeh wong Blambangan ngumpul ana ring Alas Bayu milu barisane Pangeran Jagapati. Mula ayo siapno komandan, siapno komandan kabeh wong Landa gawaen senjatane, ayo dientekaken laskar Bayu, dientekaken wong Blambangan ring Alas Bayu.*

**Komandan Colmond** : *Ayo semua pasukan Belanda, ikut tanpa terkecuali ayo, ikut ke Bayu kita hancurkan Bayu, kita hancurkan laskar Blambangan, ayo. ayo!*

**Keterangan** : Para pasukan Belanda dipimpin langsung oleh Komandan Colt Mont berangkat menuju Alas Bayu untuk melakukan peperangan.

**Iringan** : *Amun-amun, laras slendro Banyuwangen.*

### ADEGAN SEBELUM PERANG PUPUTAN BAYU

**Keterangan** : Raden Rempeg Jagapati tampil dari *gawangan* kiri lalu *tancep* pada *jagatan* sebelah kiri, selanjutnya tokoh Raden Jagalara, Bekhel Uthun, dan Sayu Wiwit tampil dari *gawangan* kanan lalu *tancep* di depan Raden Rempeg.

**Iringan** : *Gending Amun-amun, laras slendro Banyuwangen.*

### Pocapan

*Lah ing kana tah wau Raden Jagalara lan Renteg nyumbari benteng Bayu arep diserang Landa, sak nalika iku laskar Blambangan gawe benteng ring cracaban lawang melebu Alas Bayu. Renteng-rentengan wong Blambangan mudun mlaku sak juru-juru. Saking akehe wong Blambangan katon kaya semut langkrang ngunjal-ngunjal panganan, kaya bebek metu teko kandang, kaya barisan kuntol miber ring awang-awang. Jangkahe ajejeg ngadek, karep gedhe tumancep, sumbar laskar Blambangan bisa ngidek mengkurep Landa hingga bisa ngusir Landa entek gemet. Tanggal 13 agustus tahun 1771 pasukan VOC Landa nyerang benteng Bayu, 70 wong pasukan hang gawa senjata lengkap, tapi ring kono Landa sing bisa menang, tapi malah 70 uwong milu nong barisane Jagapati kerana akeh wong pribumi ring kono. Tanggal 22 september 1771 Landa nyerang maning nong Alas Bayu lan kerana kuate pertahanan benteng Bayu Landa VOC bisa dikalahaken, lan tanggal 13 desember 1771 Landa sing terima atine nyerang maning nong Alas Bayu, tapping pasukan VOC Landa cilik atine kerana weruh Alas Bayu padang jinggang sing katon wit-witan, hang katon mung akehe laskar Blambangan, hingga maning-maning pasukan VOC Landa hang asli pribumi mbalik mbelot milu barisan Jagapati. Nyerang bolak-balik wong Landa sing ana asile, pungkasane serangane Landa yaiku tanggal 18 Desember 1771 hang di*

*pimpin langsung Komandan pasukan VOC Landa, Komandan Colmond Kapiten Van schaar lan Kapiten Reygers.*

*Wong Landa ngarani orlog Bayu afcoop, hang artine perang penghabisan utawa perang puputan Bayu. Landa nyerang Bayu ngawa pasukan ewonan nganggo senjata lengkap, uga ring Alas Bayu Raden Rempeg krungu kadhung tanggal 18 Desember Landa arepe nyerang gedon-gedon. Kabeh wong Blambangan sing ana hang ketinggalan lanang, wadon, tuwek, enom, lancing, perawan kumpul dadi siji suwidak ewu wong Blambangan gawa gaman sak anane, keris, pedang, tombak, tulup, arit lan uga ana bedil hasile rampasan. Raden Rempeg Jagapati katon gagah lan sagah nong ngarep dewek nguwehi tuladha ring pejuang Blambangan liyane, pejuang Blambangan maju bareng ambi nerit-nerit lan maca takbir nantang Landa.*

### ADEGAN PERANG PUPUTAN BAYU

**Keterangan** : Tokoh pejuang Blambangan tampil dan *tancep* pada *jagatan* kiri, lalu para pasukan Belanda tampil dan *tacep* pada *jagatan* sebelah kanan. Pola *tancepan* berhadapan dengan para tokoh laskar pejuang Blambangan.

**Iringan** : Gending Amun-amun sirep , laras slendro Banyuwangen

### Pocapan

*Ring kono Landa ngetokaken pasukan hang gawa senjata lengkap, hingga wong Banyuwangi Blambangan hang ring kono dipimpin pangeran Rempeg Jagapati uga sing ketinggalan kabeh milu barisane Pangeran Jagapati, lan ring konolah hang dadi perang puputan Bayu yaiku ring tanggal 18 Desember 1771. Tahun iku hang dadi tahun bersejarah kanggone wong Blambangan, sebab ring tahun iku kabeh wong Blambangan milu perang, milu perang!*

**Keterangan** : Setelah pocapan, dalang melakukan adegan perang secara brutal, menggambarkan pertempuran besar di

Hutan Bayu, sampai akhirnya pihak Belanda kalah dan Radeng Rempeg tertembak.

### ADEGAN RADEN REMPEG JAGAPATI GUGUR

**Keterangan** : Tokoh Raden Rempeg digendong oleh Bekel Uthun tampil dari *gawangan* kanan, lalu *tancep* pada tengah *jagatan* di depan tokoh Kayi Bejong yang *tancep* pada *jagatan* kiri, setelah itu tokoh Sayu Wiwit tampil dari *gawangan* kanan, lalu *tancep* dibelakang tokoh Bekel Uthun, dan dibelakang Sayu Wiwit *tancep* satu tokoh pejuang Blambangan.

**Iringan** : Gending *Emas-emas*, laras *Slendro Banyuwangen*

#### *pocapan*

*Ring dina iku wong Blambangan seneng keliwat atine, sebab bisa ngusir Landa teka Blambangan. Ring kono ngelumpuk maning wong Blambangan kerana ngerasa seneng sebab wong Landa bisa diusir teko bumi Blambangan.*

**Raden Rempeg** : *Kyai, kula pun mboten kiat kyai, tulung kula titip dulur-dulur, titip dulur-dulur kula kabeh kyai, terus sukanana wejangan, myakne tetep singset, mancep ring ati pejuang, lan kula nedhi sepura nawi enten salah kula kyai. Uga dulur-dulur isun kabeh isun njaluk sepura, wis akeh wong Blambangan hang pada gugur mbela ibu pertiwi, isun heng bisa mbelani, isun mung bisa ndongakaken muga diterima amal ibadahe, uga dulur-dulur isun kabeh sepisan maning isun njaluk sepura terusna perjuangan iki, isun sing bisa nerusaken, kerana pangeran kayane wis arep njuwut isun.*

**Sayu Wiwit** : *Pangeran, aja ditinggal pangeran, aja ditinggal kita pangeran, sinten hang ajenge nerusaken perjuangan iki, sinten hang ajenge nerusaken pangeran, aja ditinggal*

*Blambangan pangeran, mboten wonten malih tiyang hang kados sampean pangeran, aja ditinggal Blambangan kai.*

**Pendekar pejuang :** *Pangeran sampean hang kiat pangeran. Kabeh tabib sun undang merene, supaya tatune pangeran kena bedile Landa supaya diwarasakan para tabib.*

**Raden Rempeg :** *Isun wis sing kuat maning, kyai kula nedhi barokah dongane kyai, supaya pangeran anggone ngiringi isun mulih nong ngarsane pangeran diparingi gampang kyai.*

**Kyai Bejong :** *Raden Rempeg hang tenang sira lek, hang tenang sira lek. Sira berjuang temenan ngusir kemungkaran inyaallah pangeran ngridhoni amal bakti nira. Ayo kabeh pada nuntun Pangeran Jagapati, ayo dituntun kanti ngucap lhailahailallah. Ayo lhailahailallah, lhailahailallah ayo kabeh dituntun, ayo kabeh maca tirokna lhailahilallah, lhailahilallah, lhailahilallah. Ayo Raden Rempeg sira miluo ngucap tahlil, myakne diparingi gampang anggone sira ngadep nong ngersane gusti, ayo tirokna lek Lhailahailallah, Lhailahailallah.*

**Raden Rempeg :** *Kyai kula kriyen ajenge nitipaken pimpinan pejuang Blambangan niki teng Sayuwit. Sayuwit sun serahaken sakteruse dapuk kepemimpinan perjuangan Blambangan iki nang sira Sayuwit, terusna, terusna perjuangan Blambangan, supaya kemungkaran ring Blambangan iki bisa ilang selawase. Sayuwit timaen iki pusaka junjung drajat cekelan lan iki bisa dadi njunjung drajate wong Blambangan, ayo dicekel Sayuwit.*

**Keterangan :** *Sayu Wiwit mendekat lalu tancep di depan Raden Rempeg Jagapati. Raden Rempeg Jagapati memberikan sebilah keris kemudian Sayu Wiwit menerima keris junjung drajat pemberian Raden Rempeg Jagapati.*

**Iringan :** *gending getakan, Sayu wiwit. Laras Slendro Banyuwangi.*

**Kyai Bojong** : Raden Rempeg, terus maca kalimat lhailahailallah, lhailahailallah, ayo tirokna raden tirokna raden.

**Raden Rempeg** : Lhailahailallah, lhailahailallah.

**Keterangan** : Tokoh Raden Rempeg Jagapati gugur, posisi *tancepan* merebah dihadapan Kyai Bojong.

**Kyai Bojong** : Inalillahi wainailaihirrojiun.

### Pocapan

Raden Rempeg Jagapati gugur mbela bumi Blambangan. Langit lan mega katon mbesingut, ulan lan lintang sing ana unyike, tlatah Blambangan sak lir sumup, udan tangis, udan tangis sing ana watese. Lanang, wadon, tuwek, enom pada sereh-sereh iluh ngiringi gugure pahlawan Blambangan, Pangeran Jagapati.

Blambangan menang taping uga wong Blambangan kudu lega nerima mbayar larang, sebab panglima perang Blambangan Pangeran Jagapati gugur mbela ibu pertiwi.

### Sulukan gugure Raden Rempeg Jagapati

6    1̇2    2̇3̇5̇2̇1̇6    6    5̇6    2̇3̇5 5    5    1̇2    i    5̇6  
Na    ngis    ta    ngis    e    ta    ngis    e    wong    na    ngis

2̇    1̇6    3̇5̇6 5̇3̇    3    5    6    6    3̇5̇6 6  
Wis    me    neng    a    ja    ke    lan    tur    lan    tur

6    1̇2̇6 5 5̇3̇    3    5    6    6    5̇6̇3̇    2    1    2  
Myak    ne    a    yem    myak    ne    a    yem    ya    hang    mu    leh


### Pocapan

Tambah wangi, saya gedhi arane Pangeran Jagapati, ilanga Jagapati bisa tambah Jagapati, Jagapati liyane.


### Tancep Kayon

## LAMPIRAN II


### TOKOH-TOKOH WAYANG




**Tokoh Raden Rempeg Jagapati**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Tokoh Kyai Bejong**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Tokoh Raden Jagalara**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Tokoh Sayu Wiwit**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Tokoh Bekel Uthun**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Tokoh Kaptan Colmond**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)




**Tokoh Komandan Hounold**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Tokoh Adipati Jaksanegara**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Tokoh Laskar Pejuang Blambangan**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)




**Tokoh Pasukan VOC Belanda**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Wayang pohon**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Wayang pohon**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Wayang Gamanan**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)



**Wayang Gunungan/kayon**  
(foto: Galih Kidung Wibowo, 2018)


### LAMPIRAN III

## TRANSKRIPSI NOTASI IRINGAN LAKON *PERANG PUPUTAN BAYU SAJIAN* KI ILHAM LAILI MURSIDI

### 1. *Gending Amit-amit, Laras Slendro Banyuwangen*

Buka:

2



. 3 5 2 . 3 5 . 2 . 2 . 2 3 5 6  
. 1̇ . 6̇ . 1̇ . 2̇ . 1̇ . 2̇ . 1̇ . 6̇  
. 5 . 3 . 6 . 5 . 6 . 5 . 3 . ②  
. 6 . 6 . 2̇ . 2̇ . 6 . 5 6 2 3 5  
. . . . 5 6 1̇ 2̇ . . 3̇ 5̇ 3̇ 2̇ 1̇ 6̇  
. . . . . . . . 5̇ . 6̇ 3̇ 1̇ 2̇ 3̇  
. . . . 2̇ 2̇ 3̇ 5̇ . . 3̇ 2̇ . 1̇ . 2̇  
. . . . . . . . 5̇ 3̇ 5̇ 3̇ 2̇ 1̇ 6̇  
. . . . . 3 5 6 . . 3̇ 5̇ 2̇ 6 3 5  
. . . . . . . . . 3 6 1̇ 2̇ 6 5 3  
. . . . 3 3 5 5 . . 3 6 5 3 1 2

2. **Gending Selamat datang, Laras slendo Banyuwangen**

Buka:            2   2   2   5   6   6   2   2    $\overline{12}$     $\overline{12}$     $\overline{61}$     $\overline{61}$    2

                  3    $\overline{23}$     $\overline{21}$    6   .   .   5   6   .   5   6   3   5   2   3   5

[:   .   3   6   .    $\dot{1}$     $\dot{2}$     $\dot{1}$    6   .    $\dot{1}$     $\dot{2}$    .    $\dot{3}$     $\dot{5}$     $\dot{3}$     $\dot{2}$

                  .   5   6   .    $\dot{1}$    6   5   3   .   5   6   .    $\dot{1}$    6   5   6

                  .   5    $\dot{1}$    .    $\dot{2}$     $\dot{3}$     $\dot{2}$     $\dot{1}$    .    $\dot{2}$     $\dot{3}$    .    $\dot{5}$     $\dot{6}$     $\dot{5}$     $\dot{3}$

                  .   5   6   .    $\dot{1}$    6   5   3   .   5   6   .    $\dot{1}$    6   5   6

                  .   .   .    $\dot{2}$    .   .    $\dot{3}$     $\dot{5}$    .    $\dot{3}$     $\dot{2}$     $\dot{1}$     $\dot{2}$    6    $\dot{1}$     $\dot{2}$

                  .   .   .   6   .   5   6   .   .   5   6   3   5   2   3   5:]

3. **Gending Giro, laras slendo Banyuwangen**

[:   6   2   3   5   2   3   5   6    $\dot{1}$     $\dot{2}$    6   5   3   6   5   3

$\dot{1}$     $\dot{1}$     $\dot{2}$     $\dot{1}$     $\dot{3}$     $\dot{2}$     $\dot{1}$    6    $\dot{1}$     $\dot{2}$    6   3   6   5   3   2 :]

4. **Gending Amun-amun, laras slendo Banyuwangen**

Buka:                             $\overline{23}$    5   6   .    $\dot{2}$    .    $\dot{1}$    5   .   5   ⑤

[:   .   6   .   5   .   3   .   2   .   3   .   5   .   3   .   ②

                  .   3   .   2   .   3   .   5   .    $\dot{1}$    .   6   .   5   .   ③

                  .   5   .   5   .   5   .   6   .    $\dot{2}$    .    $\dot{1}$    .   6   .   ⑤ :]

5. *Gending gremengan untuk mengiringi ginem Jejer Alas Bayu*

[: 6 5 3 5 . 5 6 . 2 3 5 3 . . 5 3  
6 i 5 6 3 . 5 2 :]

6. *Gending Getakan Sayu Wiwit, Laras Slendro Banyuwangen*

[: 2 3 5 3 5 6 5 6 i 6 i 2  
2 i 6 i 6 5 6 5 3 5 3 2  
[: . . . 2 . . . i . 3 2 i 6 6 5 6  
. . . . . 6 . 3 . 3 . 3 . 3 . 5  
. . . . . 3 . 2 . . . i 3 2 i 2  
. . . . . 6 i 2 . . i 6 5 6 i 2  
. . . . . 6 . 5 . . . 6 2 3 5 6  
. . . . . 6 . 6 . 2 . 6 . 5 . 3  
. . . . . 6 . 5 . 6 5 3 2 3 5 2  
. . . . . 2 3 5 6 . . 5 3 6 5 3 2 :]

7. *Gending Playon, laras slendro Banyuwangen*

Buka:

5 5 3 2 1  
. 3 2 1 . 3 2 1 . 3 2 1 6 6 6 ⑥  
. i . 6 . i . 2 . 3 . 2 . i . ⑥  
. i . 6 . i . 2 . 3 . 2 . i . ⑥  
[: . 2 . i . 6 . 5 . 6 . 3 . 5 . ⑥]

. 2̇ . 1̇ . 6 . 5 . 6 . 3 . 5 . ⑥  
 . 1̇ . 2̇ . 3̇ . 2̇ . 3̇ . 2̇ . 1̇ . ⑥  
 . 1̇ . 2̇ . 3̇ . 2̇ . 3̇ . 2̇ . 1̇ . ⑥ :]

8. *Gending Kebyar Bistak, Laras slendro Banyuwangen*

6 3 6 3 6 3 6 3 6 3 6 3 6 3  
 5  $\overline{65}$  3 5  $\overline{65}$  3 . 6 3 . 6 ③

Alat music tiup:

. . . . . 3̄6 6 3̄6 3̄6 3̄ 3̄6 6 3̄6 3̄6 3̄  
 [: 3 6 1̇ 2̇ 1̇ 6 5 3 5 6 2̇ 1̇  $\overline{65}$  3 . 2̇  
 1̇1̇ 1̇ . 2̇  $\overline{66}$  6 . 3̇ . 3̇  $\overline{53}$  2̇  $\overline{62}$  1̇ . . :]

9. *Gending Playon Gatutkaca Wetan, Laras slendro Banyuwangen*

③  
 [: 6 1̇ 6 3 6 1̇ 5 3 1̇  $\overline{65}$  3 1̇2̇ 3̇ 1̇2̇ 3̇ 1̇  
 $\overline{56}$  3  $\overline{65}$  ③ :]

10. *Gending Ginunjing, laras slendro Banyuwangen*

. . 2̇ 1̇ 3̇ 2̇ 1̇ ⑥  
 [: 3 5 1̇ 6 3 5 3 2 5 6 5 3 6 5 3 2  
 5 6 5 3 1̇ 2̇ 1̇ 6 2̇ 3̇ 2̇ 1̇ 3̇ 2̇ 1̇ ⑥:]

11. *Gending Emas-emas, slendro Banyuwangen*

[ : . . . . . 5 . . . 2 . 3 5 . 3 5  
 . . . . . 3 . 6 . . . 1 2 6 5 3  
 . . . 5 . . . 3 . 6 . 3 . 5 . 6  
 . . . . 2 6 5 3 2 3 5 6 5 3 1 2 : ]

12. *Gending Gremengan ginem Belanda*

. 3 5 . 2 3 5 . 5 5 . 6 2 1 6 5  
 . 6 . 5 . 6 5 6 . . . 1 2 6 5 3  
 . . . 5 . 6 . 3 . 6 . 3 . 5 1 2 6  
 . . . . 2 1 5 3 2 3 5 3 6 5 3 2

13. *Gending Rantak Si'iran, laras slendro Banyuwangi*

. . 6 2.2 22 2 6 3.3 33 3 6 5.3 21 6.535 6  
 . . 5 11 11 1 6 2.2 22 2 6 2.6 53 2.235 5  
 . . 6 2.2 22 2 6 3.3 33 3 6 5.3 21 6.535 6  
 . . 5 11 11 1 6 2  
 . 2.222 2.2 2.22.222(6) . 2.5352.5 352.5 35 (6)  
 . 6.535 6 . 6.212 6 . 6 5 2 5 6 5 (2)  
 . 2.222 2.2 2.22.222(6) . 2.5352.5 352.5 35 (6)  
 . 6.535 6 . 6.212 6 . 6 5 2 5 1 5 (2)  
 . 61 23 2

|| .  $\frac{23}{Sub}$   $\frac{56}{ha}$   $\frac{5}{.3}$   $\frac{23}{nal}$   $\frac{56}{lah}$  5 || . .  $\frac{35}{allo}$   $\frac{6}{hil}$  ||  $\frac{.53}{a}$   $\frac{53}{dzim}$  3 ||

|| .  $\underline{5}$   $\underline{3}$   $\underline{2}$  ||  $\underline{.3}$   $\underline{5}$   $\underline{6}$   $\underline{5}$  || . .  $\underline{35}$   $\underline{65}$  ||  $\underline{32}$   $\underline{1}$   $\underline{23}$   $\underline{2}$  ||  
 Sub ha nal lah wabi ham di hi

|| .  $\underline{23}$   $\underline{56}$   $\underline{5}$  ||  $\underline{.3}$   $\underline{23}$   $\underline{56}$   $\underline{5}$  || .  $\underline{56}$   $\underline{12}$   $\underline{21}$  ||  $\underline{.6}$   $\underline{35}$   $\underline{65}$   $\underline{3}$  ||  
 li mul go l bi wa sya ha da ti

|| .  $\underline{5}$   $\underline{3}$   $\underline{2}$  ||  $\underline{.3}$   $\underline{5}$   $\underline{6}$   $\underline{5}$  ||  $\underline{.3}$   $\underline{5}$   $\underline{6}$   $\underline{5}$  ||  $\underline{.3}$   $\underline{21}$   $\underline{23}$   $\underline{2}$  ||  
 Wa yu na bi u kum bi ma kun tum tak ma nu na

.  $\underline{3}$   $\underline{66}$   $\underline{6}$  .  $\underline{3}$   $\underline{66}$   $\underline{6}$  .  $\underline{3}$   $\underline{6}$   $\underline{2}$   $\underline{1}$   $\underline{6}$   $\underline{5}$   $\underline{6}$

.  $\underline{2}$   $\underline{55}$   $\underline{5}$  .  $\underline{2}$   $\underline{55}$   $\underline{5}$  .  $\underline{2}$   $\underline{5}$   $\underline{1}$   $\underline{6}$   $\underline{5}$   $\underline{2}$   $\underline{5}$

.  $\underline{3}$   $\underline{66}$   $\underline{6}$  .  $\underline{3}$   $\underline{66}$   $\underline{6}$  .  $\underline{3}$   $\underline{6}$   $\underline{2}$   $\underline{1}$   $\underline{6}$   $\underline{5}$   $\underline{6}$

.  $\underline{6}$   $\underline{22}$   $\underline{2}$  .  $\underline{6}$   $\underline{22}$   $\underline{2}$  .  $\underline{6}$   $\underline{2}$   $\underline{5}$   $\underline{3}$   $\underline{2}$   $\underline{1}$   $\underline{2}$

.  $\underline{61}$   $\underline{23}$   $\underline{2}$

|| .  $\underline{2}$   $\underline{.5}$   $\underline{2}$  || .  $\underline{2}$   $\underline{6}$   $\underline{2}$  || .  $\underline{2}$   $\underline{3}$   $\underline{53}$  ||  $\underline{2}$   $\underline{16}$   $\underline{.6}$   $\underline{6}$  ||  
 tum bi la hi wal ma la i ka ti hi

|| .  $\underline{2}$   $\underline{3}$   $\underline{5}$  || .  $\underline{63}$   $\underline{5}$   $\underline{5}$  || .  $\underline{6}$   $\underline{2}$   $\underline{3}$  || .  $\underline{2}$   $\underline{6}$   $\underline{6}$  ||  
 Wal ya um il a khi ri wa bil qo dri

|| .  $\underline{2}$   $\underline{.5}$   $\underline{2}$  || .  $\underline{2}$   $\underline{6}$   $\underline{22}$  || .  $\underline{12}$   $\underline{.3}$   $\underline{52}$  ||  $\underline{2}$  .  $\underline{6}$   $\underline{6}$  ||  
 Wal ya um il ak hiri wa bil qo dri qol bi

|| .  $\underline{2}$   $\underline{3}$   $\underline{5}$  || .  $\underline{63}$   $\underline{.5}$   $\underline{5}$  || .  $\underline{35}$   $\underline{5}$   $\underline{65}$  ||  $\underline{3}$   $\underline{2}$   $\underline{1}$   $\underline{2}$  ||  
 Wa syar i hi mi nal loh i ta a la

|| .  $\underline{2}$   $\underline{.5}$   $\underline{2}$  || .  $\underline{2}$   $\underline{6}$   $\underline{2}$  || .  $\underline{2}$   $\underline{3}$   $\underline{53}$  ||  $\underline{2}$   $\underline{16}$   $\underline{.6}$   $\underline{6}$  ||  
 man tum bi la hi wal ma la i ka ti hi

|| .  $\underline{2}$   $\underline{3}$   $\underline{5}$  || .  $\underline{63}$   $\underline{5}$   $\underline{5}$  || .  $\underline{6}$   $\underline{2}$   $\underline{3}$  || .  $\underline{2}$   $\underline{6}$   $\underline{6}$  ||  
 Wal ya um il a khi ri wa bil qo dri

|| . 2̇ 5̇ 2̇ || . 2̇ 6̇ 2̇2̇ || . 1̇2̇ .3̇ 5̇2̇ || 2̇ . 6̇ 6̇ ||  
 Wal ya um il ak hiri wa bil qo dri qol bi  
 || . 2̇ 3̇ 5̇ || . 6̇3̇ .5̇ 5̇ || . 3̇5̇ 5̇ 6̇5̇ || 3̇ 2̇ 1̇ 2̇ ||  
 Wa syar i hi mi nal loh i ta a la  
 2̇ 2̇2̇ 2̇

6̇1̇ 2̇ 2̇ 1̇2̇.. 6̇ 5̇ 3̇ 2̇  
 Ya e ling a Ya sun am bat

1̇ 1̇ 1̇ 2̇3̇5̇ 1̇2̇ 2̇3̇5̇ 5̇ 3̇ 5̇6̇  
 sak pi rang pi rang Kor ban ri ka

6̇ 1̇ 2̇ 2̇ 1̇2̇.. 6̇ 6̇ 6̇ 6̇ 5̇ 3̇3̇ 3̇5̇ 6̇  
 Ka si ya si ya Kang go mbe la nus wan ta ra

2̇3̇ 1̇ 2̇, 2̇ 1̇6̇ 6̇ 6̇ 5̇ 3̇2̇1̇ 1̇ 1̇  
 Ma si ya l lang nya wa Be lam byang an

3̇ 5̇6̇5̇ 3̇ 2̇1̇2̇ 2̇  
 Kang sun gon dhel i

#### 14. Sulukan Kembang Mawar

6̇ 6̇ 6̇ 2̇6̇5̇3̇5̇ 2̇ 2̇ 2̇3̇ 6̇.5̇6̇  
 Se brung a rum u rub i ra

5̇ 6̇5̇3̇2̇ 2̇.6̇ 5̇6̇5̇3̇ 5̇, 2̇ 3̇ 6̇5̇3̇ 5̇ i 2̇1̇6̇5̇ 6̇  
 Sun jun jung du l ur pun jer i ra Blam ba ngan

6̇ 2̇ 6̇ 5̇3̇, 3̇ 5̇ 6̇ 3̇  
 Mu byal mu byal dha dha ni ra

3̇ 3̇ 3̇ 5̇ 3̇ 3̇ 5̇ 6̇ i i 1̇2̇6̇ 2̇ 2̇ 2̇ 1̇2̇  
 Ga dhang pu pus sing gar sing gur ta tag e a ti ni ra

15. *Sulukan pertemuan Laskar Blambangan dengan Belanda*

2 2 2 2 23 21.6  
Leng leng ra mya ning kang

2 3 5 5 65 5, 2̇3̇2̇1̇,5652  
Sa sang ka ku me nyar Ong

6 6 6 6 i 53 12  
Mang reng ga rum ing pu ri

2 2 2 3 1 2  
Mang kin tan pa si ring

5 56 3 3 35 12  
Ha lep ni kang u mah

2.35 2.3535 2 2 2 21 6  
Mas lir mu rub ing la ngit

62̇6535 i i 2̇1̇6 56, 5̇ 6̇5̇3̇ 2̇ 2̇ 1̇2̇  
Wis wis wa yah e wa yah e ta ngi

6 6 5 6 56 i i i 1̇2̇6 56  
Si thik o mong an a keh a tan dang

5̇ 5̇ 5̇ 5̇6̇5̇3̇ 2̇, 6 6 6 1̇6 56  
Sre nge nge we tan wis ka ton pa dhang

i i i 2̇ 61̇ 2̇ 2̇ 2̇ 3̇ 1̇2̇  
Gan cang ta ngi a gan cang ta ngi a

6 65 3 12 3 5 6 6 2 12  
La buh a na ke ka rep a ni ra

16. *Suluk Raden Rempeg Jagapati gugur*

6    i2    235216    6    56    235    5    5    i2    i    56  
 Na   ngis   ta   ngis   e   ta   ngis   e   wong   na   ngis

2    i6    356    53    3    5    6    6    356    6  
 Wis   me   neng   a   ja   ke   lan   tur   lan   tur

6    i26    5    53    3    5    6    6    563    2    1    2  
 Myak   ne   a   yem   myak   ne   a   yem   ya   hang   mu   leh



## LAMPIRAN IV

### BIODATA PENULIS



Nama : Galih Kidung Wibowo  
Tempat/tgl lahir : Banyuwangi, 1 Mei 1994  
Alamat : Dsn. Bulusari, RT.01/RW.02, Ds. Jajag,  
Kec. Gambiran, Kab. Banyuwangi.  
Riwayat Pendidikan : SD Negeri 5 Jajag 2007  
SMP Negeri 1 Cluring 2010  
SMA Negeri 1 Purwoharjo 2013  
ISI Surakarta angkatan tahun 2014